



Yon ti Gid toukout sou Fason pou mande College Tuition Credit or Deduction (Kredi oswa Dediksyon pou frè Ekolaj Kolèj)

Ou ka mande kredi a oswa dediksyon an si:

- ou te yon rezidan Eta New York pandan yon ane okonplè,
- Oumenm, mari/madanm ou oubyen depandan w (ke ou te pran yon egzansyon pou yo) te yon etidyan premye sik ki te enskri oswa ki te frekante yon enstitisyon edikasyon siperyè, e ki te peye frè ekolaj kalifye, epi
- yo p ap deklare w kòm yon depandan sou deklarasyon taks sou revni yon lòt moun.

Kisa ki frè ekolaj kalifye?

- Frè ekolaj kalifye gen ladan sèlman frè ou peye pou etidyan an enskri oswa pou li frekante premye sik nan yon enstitisyon edikasyon siperyè. Sa gen ladan frè ki peye apati yon pwogram ekolaj deta ki kalifye (tankou New York's 529 College Savings Program) (Pwogram Epay nan New York pou Kolèj).
- Frè ekolaj kalifye **pa** gen ladan:
 - frè ekolaj ki peye pa lentèmedyè bousdetid oubyen lòt èd finansye ou pa gen pou remèt,
 - montan ki peye pou chanm ak pansyon, ak lòt frè pèsonèl menm jan oswa depans pou viv, ak
 - montan ki peye pou liv, ekipman ak aktivite, menmsi se lekòl la ki egzije yo.

Ki montan kredi a oswa dediksyon an?

- Kredi a ka jiska \$400 pa etidyan. Si li piplis pase montan taks Eta New York ou dwe a, ou kapab mande yon ranbousman.
- Dediksyon maksimòm lan se \$10000 pou chak etidyan ki kalifye. Dediksyon detaye frè ekolaj pou kolèj gendwa fè w fè pi gwo ekonomi sou taks si w te detaye dediksyon w yo sou deklarasyon taks federal ou.
- Sèvi ak fèy kalkil ki nan eksplikasyon yo pou kalkile dediksyon w pou jwenn si kredi a oubyen dediksyon an pi bon pou ou. (Gade eksplikasyon ki nan Fòm IT-272-I, ki disponib ann anglè sèlman.)

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou reklame kredi sa a, gade:

Fòm IT-272, [Reklamasyon Kredi pou Kou Prive nan Kolèj oswa Dediksyon Detaye](#), ak enstriksyon li yo (disponib nan lang Anglè sèlman).

Moun ki p ap viv nan Vil la ak moun ki viv nan Vil la pou yon pati nan ane a

Si ou p ap viv nan Eta New York oswa si ou viv nan Eta a pandan yon pati nan ane a, ou pa kalifye pou kredi pou kou prive nan kolèj. Men, ou ka kalifye pou reklame dediksyon detaye pou kou prive nan kolèj New York.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou reklame dediksyon detaye pou kou prive nan kolèj kòm yon moun ki p ap viv nan Eta a oswa ki viv nan Eta a pandan yon pati nan ane, gade Fòm IT-203-B, [Moun ki pa Viv nan Eta a ak Moun ki Viv nan Eta a pandan yon Pati nan Ane a ak Fèy Kalkil Dediksyon Detaye](#), ak enstriksyon li yo nan Fòm IT-203-I (disponib nan lang Anglè sèlman).